



Pou Piblikasyon Imedya: 26/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN NOUVO LWA KI DEKLARE 26 NOVANM KÒM
'JOUNEN SOJOURNER TRUTH' NAN NOUYÒK**

***Lejislasyon S1480-A/A6583-A etabli jounen rekonesans anyèl pou abolisyonis
lejand ak defansè dwa fanm yo Sojourner Truth, ki te fèt nan Konte Ulster***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon S1480-A/A6583-A pou etabli 26 novanm kòm Jounen Sojourner Truth nan Eta Nouyòk, nonmen nan onè lejand abolisyonis la ak defansè dwa fanm yo ki te fèt nan Konte Ulster.

"Sojourner Truth se te youn nan pi gwo lidè nan listwa Etazini an, li te dedye lavi li nan batay pou libète ak egalite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Etabli yon komemorasyon anyèl eritaj Sojourner Truth se yon omaj apwopriye pou ikòn sa a ki fèt nan Nouyòk."

Sojourner Truth te fèt nan Hudson Valley an 1797 epi li te vin esklav nan Nouyòk jiskaske li sove an 1826. Nan pwosedi istorik nan Tribinal Konte Ulster, Sojourner Truth te vin premye fanm Nwa ki te reyisi libere pitit gason l anba esklavaj. Sojourner Truth te pase tout rès lavi l ap vwayaje nan peyi a ap goumen pou abolisyon esklavaj.

An 2022, Gouvènè Hochul [te anonse](#) kreyasyon Pak Eta Sojourner Truth nan Konte Ulster. Nouvo Pak Eta sa a — premye nouvo pak k ap ouvri depi 2019 — ofri panorama espektakilè sou Rivyè Hudson ak debri endistriyèl storik ak rès fabrikasyon ak eksplwatasyon brik. Li se premye Pak Eta nan Kingston, Nouyòk epi li pral kontinye grandi ak elaji ak dènye envestisman ki soti nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2024 Gouvènè Hochul la.

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Sojourner Truth se te yon ewo Ameriken ke batay san relach li pou libète ak egalite kontinye enspire nou prèske 200 ane apre lanmò li, sa ki te sisite yon nouvo jenerasyon jèn lidè k ap pote eritaj li pi devan — ki gen ladan Hudson Valley, kote ki te fèt Truth la. Pwojè lwa nou an pou etabli Jounen Sojourner Truth nan Nouyòk te kòmanse ak etidyan Kingston YMCA Youth Crew, ki te rekonèt responsablite nou nan Eta Nouyòk pou pataje vwayaj li kòm youn nan abolisyonis ak aktivis dwa fanm ki pi pwolifik nan epòk la. Transfòme vizyon sa a an lwa se yon onè, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa nou an lwa. Pou Nouyòk, 26 novanm chak ane pral non sèlman reflekte angajman nou pou

kenbe eritaj Sojourner Truth vivan, men reyafime sa li vle di pou yon moun se yon Nouyòkè: Toujou fè efò pou yon pi bon avni ki pi ekitab pou tout moun."

Senatè Eta Lea Webb, te deklare, "Mwen fyè dèske nou te etabli 26 novanm kòm Jounen Sojourner Truth nan Eta Nouyòk, yon jou pou marye istwa rich eta nou an ak angajman nou anvè jistis ak egalite. Sojourner Truth se yon fanm Nwa pyonyè ke istwa lavi li kontinye sèvi kòm yon flanbo espwa ak rezistans pou chak rezidan nan Eta Nouyòk,. Li te fè anpil kontribisyon ki gen anpil valè nan lit kontinyèl pou dwa fanm ak dwa sivil. Vwa li, ki gen anpil pwisans epi ki te san relach, te defye sitiasyon aktyèl la epi li te enspire anpil lòt moun pou imajine ak travay pou yon mond kote libète ak egalite se pa sèlman ide, men reyalite pou tout moun. Mwen vle remèsye kòlèg mwen an, Senatè Hinchey paske li patwone lwa sa a ak Gouvènè Hochul paske li siyen lwa enpòtan sa a. Li enperatif, sitou kounye a, pou nou kontinye defann dwa ak diyite chak moun."

Manm Asanble Sarahana Shrestha, te deklare, "Sojourner Truth pa te sispann lè li te vin premye fanm Nwa ki te reyisi pouswiv gason blan lajistis pou yo te libere pitit gason l nan esklavaj — li te kontinye pase tout rès lavi l ap goumen pou tout lòt moun atravè peyi a. Detèminasyon li se yon rapèl ke moun ki angaje nan demantèlman sistèm opresyon ak enjistis, raman fè li paske yon moun te di yo li pral fasil. Yo fè li prezizeman paske li difisil ak prezizeman paske se moun òdinè tankou Truth ak kanmarad abolisyonis li nan epòk la, yo mete baz pou fè sa ki enposib la vin posib. Mwen kontan dèske mwen te travay avèk Senatè Hinchey ak Gouvènè Hochul pou etabli 26 novanm kòm Jounen Sojourner Truth nan Eta Nouyòk, epi mwen pa ka tann pou m onore travay Truth chak ane."

Manm Asanble Michaelle Solages te deklare, "Eta Nouyòk onore ak fyète eritaj Sojourner Truth, yon abolisyonis vizyonè ak defansè san relach pou dwa fanm yo. Deklare 26 novanm kòm Jounen Sojourner Truth se yon rekonesans enpòtan nan kontribisyon ekstrawòdinè li nan jistis ak egalite. Jou sa a non sèlman selebre lavi li, men tou ranfòse angajman kolektif nou an anvè valè li te defann. Nan non Konsèy Lejislatif pou Nwa, Pòtoriken, Ispanik ak Azyatik la, nou remèsye Manm Asanble Shrestha, Senatè Hinchey ak Gouvènè Hochul paske yo te asire eritaj ekstrawòdinè Nouyòkè sa a ap kontinye enspire jenerasyon k ap vini yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)